



FAQ Avoka

10 Septanm, 2023

Mizajou sou konsekans imigrasyon pou kondanasyon "dwòg nakotik" nan New York

Nan dat 6 septanm, 2022, Dezyèm Sikui an te pibliye yonn desizyon nan ka *U.S v. Minter*, No. 21-3102, 2023 WL 5730084 (2d Cir. Sept. 6, 2023) KI kapab ede imigran ki gen kondanasyon nan New York ki gen rapò ak lavant oswa posesyon yon "dwòg nakotik". **Kòm rezulta, pliyè milye imigran ki te vize nan lagè kont dwòg yo kapab elijib pou soulajman nan konsekans imigrasyon devastatè kondanasyon sa yo.**

Penalite sevè pou itilizasyon ak lavant dwòg yo te dechire fanmi ak kominote san yo pa bay sekirite ke kominote sa yo merite. Desizyon sa a nan Tribunal la bay yon ti limyè soulajman pou imigran yo, ki se pam i moun ki pi afekte anpil pa Lagè kont Dwòg yo. FAQ ki anba a bay enfòmasyon pou defansè ki ka gen entèraksyon ak moun ki pral benefisyé de desizyon tribunal la.

Kisa Tribunal nan *U.S. v. Minter* te di?

Tribunal nan *U.S. v. Minter* te di ke kèlke kondanasyon New York pou posesyon osinon vant yon "dwòg nakotik" pap ka mennen nan depòtasyon oswa disqualifye kòm krim dwòg pou zafé imigrasyon. **Sa vle di ke moun ki gen kèlke kondanasyon NY "dwòg nakotik" yo ka kapab kounye a goumen kont ansyen lòd depòtasyon yo oswa goumen kont pwosedi depòtasyon ki an kou. Anplis, moun ki pa t kapab jwenn yon kat vèt oswa sitwayènte akoz yon kondanasyon "dwòg nakotik" New York yo ka elijib kounye a.**

Kijan mwen ka ede yon moun ki ka benefisyé de desizyon sa a?

Ou ka eksplike ak asiste yo nan rasanble dokiman ke yo pral bezwen pataje ak yon avoka imigrasyon pou yon analiz endividiyèl nan sitiyasyon yo. Kèk nan dokiman sa yo ka mande yon moun ki nan Etazini ale nan tribunal kriminèl yo pou jwenn dokiman yo.



Byenke desizyon sa a se yon bon bagay, se pa tout moun ki gen kondanasyon dwòg New York yo ki pral benefisyé epi gen ris pou moun ki panse yo benefisyé epi soumèt aplikasyon yo san yo pa jwenn yon analiz endividyèl pa yon avoka imigrasyon de konfyans.

Imigran ki gen kondanasyon yo vilnerab kapab eksplwate pa moun ki pwomèt yo yon solisyon fasil. Pou kalite analiz sa a, yon avoka de konfyans pral yon avoka imigrasyon ki gen eksperyans ak konpreyansyon nan ale vini ant lwa kriminèl yo ak lwa imigrasyon yo. Yo ta dwe déjà familye ak desizyon nan *U.S. v. Minter* lan epi ta dwe kapab bay analiz detaye sou kijan li fè enpak sou moun sa a. Yo ta dwe kapab pale sou ris ak avantaj epi nenpòt mwayer oswa aplikasyon imigrasyon.

Avize manm kominate yo pou yo fè atansyon ak yon avoka imigrasyon ki di yon moun ke li elijib pou aplike pou yon benefis oswa pou relouvrí yon lòd depòtasyon **san** yo pa konnen estati espesifik ke moun lan te kondane pou li a oswa san yo pa gen enfòmasyon konplè sou estati imigrasyon yon moun ak istorik li. **Yon analiz endividyèl ak espesifik pral nesesè pou desizyon sa a.**

Risk nan ranpli aplikasyon oswa mosyon yo si yon moun pa elijib gen ladan li:

- Kèk mosyon ka sèlman ranpli yon sèl fwa e si yo ranpli pou yon moun ki pa elijib oswa pa fet konplètman, moun nan ap pèdi chans yo pou depoze yo nan lavni.
- Yo ka mete yon moun sou rada Imigrasyon ak Aplikasyon Ladwann (ICE), sa vle di ke yo ta ka vilnerab pou yon arestasyon ICE, detansyon, ak fè fas a depòtasyon. Sa ka enkli moun ki gen ansyen lòd depòtasyon yo ak k ap viv nan Etazini. Yo ta ka detni pou yon peryòd tan pandan ke ICE eseye jwenn dokiman pou depòte yo.”

Tan espesyal pou moun ki gen lòd depòtasyon oswa te déjà depòte pou yon kondanasyon "dwòg nakotik" nan New York:

Kèk moun yo te bay lòd pou depòtasyon nan Tribunal Imigrasyon nan New York ak Connecticut akòz yon kondanasyon "dwòg nakotik" nan New York yo ka gen opòtinite mande yon Jij Imigrasyon oswa BIA pou yo rekonfime si lòd depòtasyon anvan an te apwopriye epi aplike pou yon defans kont depòtasyon ki pa te disponib anvan. **Fè sa a nan premye 30 jou yo apre 6 septanm 2023 se yon rekòmande anpil paske apre 30 jou yo ka gen obstak adisyonèl nan konsiderasyon ka yo.**

Pou moun nan sitiayson sa a, yo ta dwe kontakte yon avoka imigrasyon de konfyans osi vit ke posib pou kòmanse gade si yo elijib pandan yap rasanble dokiman.



Anba a gen plis enfòmasyon sou desizyon an, enpak li yo, ak enfòmasyon epi dokiman ki nesesè pou konprann si yon moun ka benefisyé. Enfòmasyon sa a disponib pou imigran yo ki gen kesyon sou desizyon an nan [FAQ Kominote](#).

Kisa yon "dwòg nakotik" ye? Kijan yon moun pral konnen si kondanasyon yo te pou yon "dwòg nakotik"?

"Dwòg nakotik" se yon tèm ki itilize nan lalwa New York. Li refere a yon lis dwòg ke eta a te deziyen kòm "dwòg nakotik" (Ki deferam de "kanabis," "stimilan," "alisinojèn," osinon yon lòt kategori dwòg). Dwòg komen ki enkli nan lis la se kokayin ak ewoyn.

Pi bon fason pou idantifye si yon kondanasyon te pou lavant oswa posesyon yon "dwòg nakotik" se pou idantifye egzakteman ki estati kriminèl yon moun te kondane anba li. Sa mande enfòmasyon ki pi espesifik pase konnen si li te yon feloni oswa non estati a. Pa egzanp, moun ki kondane pou posesyon yon sibstans kontwole nan katyèm degre gen yon kondanasyon "dwòg nakotik" **sèlman si** yo kondane anba sous-seksyon premye nan estati a.

Ki moun ki ka benefisyé de desizyon sa a?

Imigran ki:

- Viv nan New York, Connecticut, oswa Vermont epi yo te di yo inelijib pou yon benefis imigrasyon, tankou rezidans pèmanan (youn kat vèt) oswa sitwayènte, baze sou yon kondanasyon "dwòg nakotik" nan New York; oswa
- Aktyèlman nan pwosedi depòtasyon nan yon Tribunal Imigrasyon nan New York oswa Connecticut baze sou yon kondanasyon "dwòg nakotik" Eta New York; oswa
- Gen yon ofans "dwòg nakotik" New York epi yo te bay lòd pou yo depòte pa yon Tribunal Imigrasyon nan New York oswa Connecticut.

Nan mwayen pou detèmine si yon moun ka benefisyé de desizyon Tribunal la, **yo pral bezwen yon analiz endividiyèl. Yo ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon de konfyans sou nenpòt kesyon apwop kondanasyon dwòg nan Eta New York.**



Ki dokiman yon avoka imigrasyon de konfyans pral bezwen verifye?

Kalite dokiman yo bezwen se:

- **Dokiman Tribunal Kriminèl**

- Yo bezwen Sètifika Dispozisyon pou chak arrestasyon oswa lè yo te dwe ale nan tribunal kriminèl.
 - Pou arrestasyon nan New York City, [mande Sètifika Dispozisyon](#) nan tribunal kote yo te parèt.
 - Pou arrestasyon ki andeyò New York City: moun nan oswa yon moun renmen yo pral bezwen kontakte tribunal la dirèkteman pou mande yon kopi nan jijman tribunal la oswa dispozisyon.
- Avoka defans kriminèl anvan yo ka gen dosye ka moun nan ak dokiman sa yo oswa ka ede jwenn dokiman.
- Si moun nan te gen yon avoka asiyen nan NYC men pa sonje enfòmasyon yo, yo ka kontakte biwo defans piblik yo ([Anglè](#)).
- Yon avoka imigrasyon oswa yon militan pral bezwen plis pase yon fich RAP pou analize elijibilite yon moun. Men, si yo genyen li, yon fich RAP ka yon dokiman itil paske li liste istorik kriminèl ak adrès ka yo.

- **Dokiman ak desizyon ka imigrasyon.**

- Nenpòt moun ki te nan Tribunal Imigrasyon oswa te bay lòd pou yo depòte, yo pral bezwen dokiman soti nan ka yo ki enkli: dokiman chaj la ("Avi pou Parèt") ak nenpòt lòd oswa desizyon soti nan yon Jij Imigrasyon, Board of Immigration Appeals (BIA) oswa Tribunal Sikui.
- Si yo te refize yo yon benefis imigrasyon tankou yon kat vèt oswa sitwayènte baze sou yon kondanasyon "dwòg nakotik" New York, yo pral bezwen avi refi.
- Si yo te te reprezante pa yon avoka imigrasyon, avoka a ka gen kopi nan dokiman sa yo. Si yo osinon yon avoka anvan pa gen dokiman yo, ou ka bezwen depoze yon demann Freedom of Information Act (FOIA) ak Biwo [Ekzekitif Revizyon Imigrasyon](#) (EOIR) oswa [Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini](#).

Yon fwa moun yo rasanble dokiman ki nesesè yo, yo ta dwe pale ak yon avoka imigrasyon de konfyans pou detèmine si yo ka benefisyé de desizyon an.